Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 37 (7386)
5 Сентябрь 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## С Днем знаний!

Дорогие работники образования, учащиеся, студенты и родители!

От имени администрации района, депутатов районного Собрания, общественной палаты и от себя лично, поздравляю вас с одним из самых значимых государственных праздников - Днем знаний и началом нового учебного года!

В этот день более 4580 учеников отправятся в школы Унцукульского района. Особое внимание сегодня – первоклассникам! В этом году первый школьный звонок прозвенит для 440 ребят. У них начинается новая, прекрасная и захватывающая школьная жизнь. Я от души поздравляю тех, кто впервые откроет для себя удивительное путешествие в мир знаний. Пусть для них он станет началом новой интересной жизни, подарит знакомства с мудрыми наставниками и верными друзьями.

Хочу поблагодарить вас, уважаемые родители, за безграничную любовь к детям, за неустанную заботу об их воспитании. Вы ежедневно учите юных ребят творить добро, учите мужеству и милосердию.

Особые слова благодарности и признательности я адресую педагогам. Спасибо вам за беззаветную преданность своему делу, искреннюю любовь к нашим детям, за тот бесценный дар вдохновлять учеников на получение новых знаний и творческое самовыражение! В этот светлый праздник желаем вам профессионального роста, талантливых и благодарных учеников, здоровья и благополучия в семьях!

Хочу также поздравить всех школьников и студентов района . Мы гордимся нашей талантливой молодежью. Новых успехов вам и новых побед! Я поздравляю вас всех с тем, что вы успешно продолжаете поддерживать высокий уровень репутации вашей школы и желаю вам так же успешно идти выбранным курсом, накапливая знания, празднуя заслуженные победы и гордясь новыми достижениями. От вас зависит будущее благополучие нашего района, республики и страны. Всех с праздником, и - в добрый путь

Глава МО «Унцукульский район» Иса Магомедович Нурмагомедов.

## Поздравляем!



»Уважаемый Гиндиев Муслим Абдулхаликович!

От имени работников администрации, депутатов районного Собрания, Общественной палаты района и лично от себя сердечно поздравляю Вас и в Вашем лице сотрудников ОАО «НК «Роснефть» - Дагнефть» с профессиональным праздником-Днем работников нефтяной, газовой и топливной промышленности!

Отрасль, в которой вы работаете, была и остается надежным фундаментом экономики, и по праву гордится своими достижениями. Эта гордость – результат высокого профессионализма многих поколений газовиков, которых всегда отличает высокая преданность делу и глубочайшая ответственность за результат своей работы. И сегодня мы чествуем вас — людей серьезной, ответственной, мужественной профессии, которая требует сил, выдержки и высокого мастерства. Результатом вашего нелегкого труда и трудолюбия являются такие нужные всем тепло и газ.

Желаю вам крепкого здоровья, семейного благополучия, бодрости духа, благополучия, профессиональных успехов и семейного счастья».

С уважением, глава МО «Унцукульский район» Иса Магомедович Нурмагомедов.

## Районалда - тІоцебесеб цІумур



Киса-кибего гІадин Унсоколо районалъул школаздаги 2 сентябралда кІодо гьабуна лъаязул къоялда хурхараб цІалул сон байбихьиялъул праздник. Школалъул партабазда нахъа гІодор чІана 440 исанаго исана школалде рачунел, киналго гьел берцинго, роха-хинлъиялъул ахІвал-хІалалда рахъун чІана линейкаялда.

Праздникалъул байбихьуда лъикІаб гІадат хІисабалда кІодо гьаруна школазул отличникал, хІурматиял граммотаби кьуна гьезие.

ЦІалдохъабазда ва педагогазда цІияб цІалул сон баркун кІалъана школазул директорал, администрациязул вакилзаби, эбел-эмен.

Генуб Заманаялъул поселокалда тадбиралда гІахьаллъана Унсоколо район МОялъул бетІер ГІ. НурмухІамадов, РДялъул бетІерасул Администрациялъул ва Правительствоялъул вакил ХІ. АхІмадов, РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухІамадов ва цогидалги. Гьениб баркигун ва лъикІаб гьари-рахьигун кІалъана ГІ. НурмухІамадов. Гьес бихьизабуна гьаб Заманаялъул поселокалъул, ЦІатІанихъ, ГІашильтІа росабазул школазе «150 школ» проекталъул кумек щванин. Унсоколо № 1 школалда «Точка роста» центр гІуцІун бугин. РакІ-ракІалъ праздникги баркулаго бетІерас баркала загьир гьабуна школазда лъикІаб ремонт гьабуразе. Гьединабго кІалъай гьабуна Правительствоялъул рахъалдасан ХІ. АхІмадовасги.

ЦІалдохъабаз жидерго праздникалде хІадурун ругоан интересал номерал, кьабуна тІоцебесеб цІумур, зодихъе роржине риччана рохалилал шарал.



ГIарац гIемерлъидал гIамал хисичIев
ХутIила гIаданлъун гIадамазда гъорлъ.
ГIакъуба цIикIкIиндал жив зигардичIев
Загьирлъила чилъун чагIазда гьоркьов.

# Мактаб



# Учительзабазул августалъулаб совешание



29 августалда Шамильхъала поселокалъул клубалда букIана районалъул лъай кьеялъул хIалтIухъабазул конференция. Гьеб ана «2019-2020 с.с. Унсоколо районалда лъай кьеялъул хIалтIи цебетIеялъе ругел ресал»,-абураб темаялда.

Конференциялда рукIана лъай кьеялъул суалалда хурхун районалда ахирисел саназда ккарал хIасилазул, хадурккун цере чIарал масъалабазул, лъайгун тарбия кьеялъул ишалда жидедаса чIухIизе бегьулел педагогазул. Арал саназда загьирлъана гIемерал бажари бугел педагогал. Гьезул хIакъалъулъ абуна лъикIал рагIаби.

Конференция рагьана ва бачана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас ва абуна: «ХIурматиял конференциялъул гIахьалчагIи, вохарав вуго жакъа нужгун иргадулаб конференциялда дандчIвазе, хадурккунги лъай кьеялъул ишалда цере ругел масъалаби цере лъезе рес щвеялдаса.

2018-2019 цIалул сон ана лъай кьеялда гIемерал чIванкъотIарал хиса-басиялги ккун. Жакъа нилъер аслияб масъала буго инновациялъулаб цебетIеялда жигарал гIахьалчагIилъун рукIине, жеги лъай кьеялъул махщел борхизабизе, нилъерго гIолеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялъе гьабулеб хIалтIи хIаракатчилъизабизе»-ян.

Жиндирго докладалда 2018-2019 саназул лъай кьеялъул рахъалъ районалда ккарал церетIеязул бицана начальник Л. МухIамадгIалиевасги.



Докладгун кIалъазе рахъана Генуб ДДТялъул директор А. ГIабдулаева, учительзабазул математикаялъул ассоциациялъул нухмалъулей С. Сулейманова, ГIашилтIа ясли-ахалъул зав. Г. Камилова, Унсоколо № 2 школалъул химиялъул учительница ГI. ГIалиева ва цогидалги.

Гьединго данделъиялда бицен ккана лъай кьеялъул учреждениял къачIаялде хIалтIи буссараб «150 школ» поекталда хурхунги. Гьеб Дагъистаналда хIалтIулеб буго РДялъул БетIер В. Васильевасул хIаракаталдалъун. Проекталъ рес кьола гIицIго ремонт гьаби гуребги цIиял разеги. Гьелда гьоркьоре ккана ЦIатIанихъ, ГIашилтIа ва Заманалъулаб поселокалда ругел школал. ЛъикIлъизабуна гьезул материалиябгун техникияб база. Районалъул бетIерас бихьизабуна гьеб ккезе рес букIинчIин РФялъул Президентасда цебе бугеб РДялъул Госпредставалъул гIакълучIужу О. Портнячиналъул кумек щвечIебани,- абун. «Дирго, киналго педагогазул, росабазул администрациябазул цIаралда ракI-ракIалъ баркала загьир гьабизе бокьун буго гьелъие, Проекталъул киналго этапал тIуразарулеб мехалъ кумек гьабула гьелъ.

Гьенирго жигарал ва хIасил кьолеб хIалтIуе гIоло ХIурматалъул грамотаби кьуна лъай кьеялъул отделалъул хIалтIухъан Г. ГIабдулаевалъе, Унсоколо № 1 школалъул байбихьул классазул учительница М. ГIабдурахIмановалъе. Шапакъатал щвана батIи-батIиял предметазул ассоциациязул нухмалъулей С. Сулеймановалъе, Р. ХIожоевалъе, ГI. МухIамадовалъе, П-З. ГIабдулаевалъе, С. Дарбишевалъе, ГI. ГIабдулаевалъе.

ХIурматияв гьоболлъун конференциялда вукIана Эхо Камалудинов. Гьесие кьуна «За заслуги перед районом»,-абураб медаль.

Гьединго администрациялъул азбаралда гIуцIун букIана лъай кьеялъул учреждениязул ва тIадеги лъай кьеялъул бакIазул тарбия-лъай щваразул хIалтIабазул выставка.

## «150 школа» проект тIубазабулаго



28 августалда «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул кумекчи ГI-ХI. ГIумаров, ЖКХ МКУялъул нач. А. ГIабдулхаликъов, бакIал раялъулгун архитектураялъул бетIерав специалист ХI-М. ГIабдурахIмановги щвана батIи-батIиял бакIал рай ва ремонтал унел ругел Балахьуни, ГIашилтIа, Генуб, ЦIатIанихъ росабалъе. Гьез хал гьабуна ралел бакIал ва школал цIияб цIалул соналде хIадуриялъул.

РагIалде рахъунел руго «150 школа» приоритетнияб программаялда рекъон гьарулел хIалтIаби республикаялда. Гьел хIалтIаби лъикI унел руго нилъер районалдаги. Гьел унел руго хасаб планалда рекъон. ЛъикIаб качествалда унеб буго Балахьуни школалъул мина бан лъугIизабиги. ГIезегIан тIаде хIалтIабиги гьарун ругоан жидерго гIарцуда гьеб объект бан лъугIизабиялъе.

## Гъ. ГIабдурахIмановасул хабаде щвана хIалтIулал гьудулзаби

Дагьал церегIан къоязда, араб соналда нилъедаса ватIалъарав Гъайирбег ГIабдурахIмановасул хабатIе щвезе Балахьуни росулъе рачIун рукIана гьесул гьудулгьалмагъзаби - ДГУялъул ректор М. Рабаданов, ректоратalъул гIакълучи У.ТI. МухIамадбегов, профессор ва кафедраялъул зав. Н-Къ. Камалудиновги. Сапаралде рачIунаго гьел щвана районалъзул бетIер ГI. НурмухIамадовасухъе. ДандчIваялда гьез ракIалде щвезавуна кIудияв гIалимчи, хIакъикъаталдаги Россиялъул ва Дагъистаналъул экология цIуниялъе гIемераб хIалтIи гьабурав Гъ. ГIабдурахIманов. «Гъ. ГIабдурахIмановасул хвел ккола гIелмуялъе ва нилъ щивасе ккараб кIудияб ками»,-ян бихьизабуна гьез.



Заман щвелалдего нилъедаса ватIалъарав Гъ. ГIабдурахIманов вукIана хIакъикъаталдаги гьунар-махщел, бажари бугев, гьайбатав инсан, ватIа вахъулаан вакIа-вахариялъ, яхI-намус, жавабчилъи букIиналъ, тIуван живго кьуна тIабигIатгун ва экологиягун хIалтIиялъе.

Росдал гIадамаз ракI-ракIалъ баркала кьуна жидерго гьудул ва гьалмагъ ракIалде щвезавизе рачIарал гьалбадерие.

РакIалде щвезабизин: Гъ. ГIабдурахIманов Аллагьасул къадаралде щвана 2018 соналъул 23 июлалда. Гьев вукIана профессор, Россиялъул экологиялъул академиялъул академик, РДялъул прикладнияб экологиялъул институталъул директор, биологиял гIелмабазул доктор, РФялъул гIелмуялъул мустахIикъав хIаракатчи, Россиялъул экологиялъул академиялъул ва гьелъул президиумалъул член.

Кидаго хIалтIана гьев экологиялда ва тIабигIат цIуниялда тIад. Гьесул нухмалъиялда гъоркь цIунана 100 кандидатлъиялъул ва 10 докторлъиялъул диссертация. Жеги гIемерал лъикIал ишазул бицине бегьилаан гьев тIолабго гIумро инсанасе пайдаяб ишалъе кьурав чиясул.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 37 (7386)
Хамиз
5 Сентябрь 2019 сон



БацIцIадаб ракIгун абадияб ритIухълъиялъе гIоло къеркьарав Дагъистаналъул лъабабилев имам кIалухъ вахъизе, гьесул къеркьей гIададисеб букIараблъун бихьизабизе хIаракат бахъулеб буго жакъа Дагъистаналъул мадугьаллъи Чачаналдасан. Гьеб нилъеда бихьула интернеталда гьезул бетIер Рамзан Кадыровас лъураб кIалъаялдасан. Аллагь ккурав Аллагьасги ккола, амма нилъеда кIочене бегьуларо нилъер халкъалъул бахIарчи. Щивасда лъазе ва вичIчIизе ккола ритIухъаб къеркьеялда 25 соналъ хвалчен бахъарав Имам Шамиль.

# Тарих

Р. МухIамадов. Профессор

# Имам Шамиль данде вахъана колониалиял чияр ракьал рахъулезде

**Меседалде ва бечелъиялде руссунге нуж. Нужее цIикIкIун рокье мугIрул, кIкIалал ва чохьол эбел гIадин бокье эркенлъи, гьеб гьечIони нилъее, магIарулазе гьечIо гIумро (имам ШАМИЛЬ )**

Дагъистаналъул магIарулазда Шамил лъала унго-унгояв, гIакъилав, къо-ас бугев, чи хIисабалда.

Шамил гьавуна 1797 соналда Генуб росулъ. Гьесул эбел-эмен (Денгав МухIамад ва Бахумеседо) рукIана гIадатиял узденал рекьарухъаби. Гьавураб мехалда гьесда лъун букIана ГIали абун цIар. Лъимерлъуда гьев вукIана гIемер унтулев чи, цо нухалъ гуро местIеразухъе сах гьавизеги дибирзабазухъе сабабал хъвазеги гьев вачине ккарав. Цинги вас сахлъулев вукIинчIелъул, гIадаталда рекъон, хIукму кkана васасда цIар хисизе. ЦIар хисани сахлъулин абулаан магIарухъ. Гьедин ГIалиги хисун васасда цIар лъуна Шамил-гIали абун. Шамилил лъимерлъиялъул хIакъалъулъ мукъсанабго гурел баянал кодоре щун гьечIо.

Шамилил заманалъул чи ГIабдурахIманица абулеб буго: «Шамил вукIана тIабигIаталъго жиндие щулияб сахлъи кьурав чи»,-абун. ГьитIинав гIолохъанчи вукIаго къуватаб ва щват бугеб лагаялъул, гIакъилав чи вукIана гьев. Гьесул заманалъул гIадамазул биценалда рекъон лъиданиги кIолеб букIун гьечIо Шамил кварид гьавизе. Гьев кидаго къуразул рахъалда вукIунев вукIун вуго, нагагь лъица букIаниги гьединал кварид гьаризе хиял гьабулеб бугони, гьезда Шамил тIаса лъугьунароан, цебесеб гIагарлъиялъул чи гьев вукIаниги.

15 сонил гIолохъанлъиялдаго гьесие бокьулаан чотIахъанлъи, хвалчад вахъин, ай гьунарги къуватги бихьизабулеб щибаб ишалда гIахьаллъулаан гьев. КIанцIунги гьесулъе вахъунев чи вукIинчIо, кIанцIулаан борхатаб чалиялда, чIахIиял къадазда тIасан, гIатIидал кIкIалазда ва хьитIазда тIасан.

Халатаб заманаялъ Шамилил секретарьлъун вукIарав ва гьев лъикIго лъалев ХIажа-гIалица гьесул хIакъалъулъ абулеб буго: «Шамил вукIана гIалимав чи. Гьваридаб гIакълуги, бихьинчияб, бахIарчияб хасиятаълъул, гьебго заманалда лъикIав чотIахъан, гIужилав кьвагьдохъан, лъетIахъан, векерухъан. Ай, сундуе букIаниги гьесдехун къец базе кIолев чи вукIинчIо. Жеги ХIамзатбег вугеб заманалдаго гьес Дагъистаналъул ракьги гьелъул гIадамалги лъикIго лъазарун рукIана. РакIалде ккараб жо гьабизе нахъе къаларев, сундуего гьунар бугев чи вукIана гьев».

18 сон байгун Шамил вукIана камилав ва киназго адаб гьабулев магIарулав. Живго гIун вачIиналда цадахъго гIакълуги камиллъулев букIана гьесул. Гьесие бокьулеб ишлъун букIана хириял тIахьал цIали. Къуръан гьес цIалана жеги 6 сон барав чи вукIаго, эбелалъул рахъалъан имгIалас малъун, 12 сон бараб мехалда гьесие дарсал кьун гьесул гьудул ва гьалмагъ, Дагъистаналъул тIоцевесев имам ГъазимухIамадица. Хадуб гьес лъай босана Дагъистаналда жал гIатIидго лъалел рукIарал Рихьуниса ХIажимухIамад, Хунзахъа Лаченилав, Гъазигъумекиса Жамалудин гIадал гIалимзабаздаса. Гьес бергьенлъиялда лъугIизаруна грамматикаялъул, логикаялъул, реторикаялъул, гIараб мацIалъул курсал. 20 сон балелде байбихьана философсофиялъул, Къуръаналъул магIнаялъул, законал лъазариялъул курсал лъугIизаризе. Шамилие цIикIкIараб асар гьабулаан некIсияб Грециялъул ва Рималъул героияз.

Лъаялде къеч кидаго букIана гьесул. Щвараб лъаялда гIей гьабичIого гьев гIемер хьвадулаан гьеб жеги бечед гьабизеги щула гьабизеги.

Кьварарал мугIрузул тIабигIаталда гIурав гьев жиндехунгоги сверухъ ругездехунги кьварарав вукIана. Гьес гьекъолеб жо киданиги гьекъечIо ва гьекъолезе кьварараб букIана тамихI. Гьесие бокьулароан гIадада заман регIизе ва кидаго цо сунда букIаниги



машгъуллъун вукIанаан. Шамил радал цудунго вахъунаан, къасде кватIун вегулаан. Кванилги батIалъи гьабулароан: бокьулеб квен букIана гьанги хIинкIалги, сапаралда вугеб заманалда абуни щиб бугониги батIалъи гьабичIого кваналаан. Шамилие хIасраталда рокьулаан хъизан-лъимал, рокьулаан рацIцIадал гIадамал, гьересиги рекIкIги хIехьолароан.

*Шамилил цIаралъулъ буго тарихиябги ВатIан бокьиялъулги рухIияб асар... Живго гьев ккола бахIарчи ва бахIарзал гIезарурав чи.*

**Профессор**
**М. Казим-бек**

Гъазават – колониалиял чияр ракьал рахъулезда данде къеркьей байбихьараб тIоцебесеб къоялдаса нахъего Шамил гьелъул цебесев кьерда чIана. Гьев лъугьана ГъазимухIамадил бищунго божарав гIакълучилъунги хIаракатчилъунги. ГIакълО буголъиялда ва намусалдалъун царизмалде данде къеркьолезул руководителазул рахъ кколездасан цояв вукIана гьев. Жеги ГъазимухIамад чIаго вукIаго бихьизабуна Шамилица халкъалъул ишалъе гIоло мисал гьечIеб ритIухълъи ва гьелъ бахIарчиясул гIадин цIар ун букIана гьесул.

Жиндаданде лъезе цоги гьечIеб бахIарчилъиялъул мисал гьес бихьизабуна Генуб росдаде тIаде гьужум гьабулеб заманалда. ГъазимухIамад гIодов ккун хадуб, гьесул черхги намусги цIунулаго, Шамил тушбабазул гурулъе жувана хвалчаца цебехун нухги бахъулаго, гьелгун кверзул рагъду жувана ва жиндирго гьунаралъ гьел хIайранлъизарулел рукIана. Цинги цо солдатас тункараб хеч гьесул каранлъ кьана. Лъукъарав Шамилица тушманасухъа хвалчен бахъана, цIан карандаса хечги бахъун, хьвагIаралъ тушманасул бетIер тIаса гиризабуна. Гьенив квешго лъукъ-лъукъарав гьесул хIал хисулеб букIинчIо, гьев цIиркъ гIадин вагъулев ва тIаде кIанцIулев вукIана. Гьеб рагъулъ Шамил ворчIана ва 25 къоялъ ругъназ цIурав гьев гIумроялдаги хвалдаги гьоркьов вукIана.

Пачаясул чияр ракьал рахъулезда данде гьабулеб цIоб гьечIеб рагъулъ бихьинчилъи ва таваккал буголъи бихьизабидал Кавказалдаго рагIулев вукIана гьев. Шамилие хасиятал гьел рахъал жеги цIакъ лъадарана, живго гьесул бетIерлъиялда, Севериял Бакъбаккул кавказалъул пачаясул аскаразде данде 30 соналъ халат бахъун гьабураб рагъулъ. КIудияб къо хIехьейги, тIадчIейги, тушманасда кьаби щвезабизе заман тIаса бищизе лъайги, жиндирго буюрухъ тIубазабизе мутIигIал тIамизе бажариги букIана гьесул.

ХIамзат-бег чIваралдаса гуреб, гьелде щвезегIан цебего байбихьараб букIана вождь хIисабалда Шамилил тарихияб хIаракатчилъи. Шамилил къеркьеялъул этап тIей гьечIого бухьараб буго гьелда церехун рукIарал магIарулазул къеркьеязда. ГъазимухIамадилги ХIамзатилги заманалда Шамил вукIана гьезул кваранаб кверлъун. Гьев витIулаан бищунго хIажаталъуве, тушманасул къуват цIикIкIаралъуве. Ва бищунго хIинкъи цIикIкIараб бакIалда Шамилица живго вихьизавулаан ишалдалъун, хIинкъи гьечIев халкъияв полководец хIисабалда. Ва заман гьоркьоб гьечIеб гьеб къеркьеялда гьев вихьизавуна гьелъул руководительлъун.

ХIамзат чIвана хиянатаб куцалда. Амма халкъияб восстание цебетIун бачIунеб букIана. ГIицIго къокъабго заманалда гьезие нухмалъи гьабулев чи камуна. «ХIамзатил заманалдаги ссун инчIеб мюридизм балагьун чIун букIана бетIер вачIинегIан,-абун хъвана полковник Романовскияс,-цIияб къуватгун гьулчана. Гьениве бетIерлъун вачIана Шамил, къанагIатаб пагьму-гьунаралъул рагъухъан ва администратор».

ХIамзат чIваялъул тIоцебесеб хабар лъарабго нахъ бахъичIого Шамилица Дагъистаналъул тIолалго обществабазде чапарзаби ритIун ана халкъиял вакилзаби гIеццерида гIагардегIан ГIарахъ магIарде гьоркье ахIун. Шамилица данделъиги рагьун гьениб цоги нухалда лъазабуна ХIамзат чIван вугилан, бицана лъугьун бугеб ахIвал-хIалалъул, жанисанги къватIисанги хIинкъаби кьолел рукIиналъул, гьелдаго цадахъ суал лъуна магIарулазе бажари бугев нухмалъи гьабулев чи вищизе ккеялъулги. Халкъалъул вакилзабаз, гьесул дандечIейги къабул гьабичIого ва гьариги нахъчIван, жидерго цевехъанлъун – имамлъун вищана Шамил.

Гьеб букIана 1834 соналъул сентябрь моцI, рихха-хочи цIикIкIараб, пачаясул чияр ракьал рахъулез халкъал къварилъиялде ккезарулеб заман. Гьелдаса нахъе Шамилица бетIерлъи гьабуна 25 соналъ пачаясде данде гьабураб магIарулазул ва чачаназул миллияб эркен гьариялъул къеркьеялъе. Гьес 25 соналъ жиндехунго пикро буссинабуна Россиялъул, Турциялъул ва Персиялъул гуребги, тIолабго БакътIерхьулаб Европаялъул. Шамилил рагъулабгун гIуцIарухъанлъиялъул бажариялъе гвангъараб нугIлъи гьабулел гIемерал мисалал руго гьел саназда магIарулаз гьарулел рукIарал рагъазул. Кавказалъул рагъазда хадуб цIакъ хал кколеб букIана гIелмияб коммунизмалъе кьучI лъурал Марксица ва Энгельсица.

Живго имамлъун вищун хадуб Шамилица цере чIарал аслиял масъалабазул кIвар бугеблъун рикIкIунеб букIана батIа-батIаго чIарал Чачаназулги Дагъистаналъулги кьибил-тухумал цолъизеги гьарун, цо гучаб къуват данде гьаби, жиндаги НикIолайилаб Россиялде дандечIей гьабун бажарулеб.

(Ахир 4 гьумералда)

# Имам Шамиль данде вахъана колониалиял чияр ракьал рахъулезде

Рагъулабгун гражданазулаб кьучІалда Дагъистаналъулги, чачаназулги ва ингушазулги ракьалда Шамилица гІуцІана кІудияб пачалихъ.

Унго-унгояв рагъухъан ва законал рахъулев чи хІисабалда Шамилие къимат кьолеб буго гьесул хІакъалъулъ хасаб брошюра хъварав Варнерица: «Дагъистаналъул вождасда цебе масъала чІун букІана, диниябгун политикияб тушманлъиялъ жалго къавмазде ва тухумазде рикь-рикьун рукІарал гІадамалги цолъизарун цогояб халкъ гІуцІи, гьезие киназего гІаммал законалги цо ккураб динги букІинаби, кидагосеб армия гІуцІи ва гьениб гІадлу буголъиги низамги букІинаби. Гьес гІуцІарал учреждениял халкъалъе рекъон кколел рукІана». Ва гьеб кинабго кІудияб махщалида тІубазабуна Шамилица.

Пачаясул генералазда Шамилилъ бихьулеб букІана хІинкъи бугев дандияв гьев вукІин, жиндилъ рагъулабгун административияб бажари бугев. Пачаясул жандарм, живго НикІалай-I я гІарац-меседалда я солдатазда барахщулев вукІинчІо гьев тІагІинавизе рес щолеб бугелдаса. 25 соналъ Шамилида хадуб чан гьабуна пачаясул генералзабаз, амма эв ккезе щолев вукІинчІо.

Шамил вукІана халкъияв бахІарчи. Гьес цІунулеб букІана магІарулазул чияда бай гьечІолъи ва щивасе цого къагІидаялда хирияв вукІана гьев. Лъутун рачІарал гІурус солдатаздаса гІуцІараб отряд букІана гьесул. Гьел рукІана гІарадачагІиги, инженералги, махщелчагІи ва магІарулаздаса нахъе ккечІого рагъулаан гьел гІаммав тушманасде данде.

Цого-цо гІурусазде данде гуро Шамилица хвалчен бахъараб. Халкъалда тІад кьан базе лъугьунел князаздеги, бегзабаздеги, ханзабаздеги тІаде гучаб пирилъун унаан гьев ва гьел щущахъ рихизарулаан. Гьесул кидагосеб анищлъун букІана мугІрузда эркенлъиялъул бакъ гвангъун букІин.

ДандчІвай

# Районалъул активгун дандчІвана



27 августалда районалде вачІун вукІана РФялъул Халкъияб Собраниялъул депутат, РФялъул мустахІикъав энергетик, «Россети Северный Кавказ» организациялъул нухмалъулесул гІакълучи Эседула Исакович АхІмадов. Гьес райадминистрациялъул залалда данделъи гьабуна. Гьелъул хІалтІулъ гІахьаллъана районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадов, Собраниялъул председатель М. Юсупов, бетІерасул зам. М. ХІамзатов, кумекчи ГІ-ХІ. ГІумаров ва цогидалги администрациялъул хІалтІухъаби, гьединго «Унцукульские РЭС» организациялъул нач. ГІ. ГІабдулаев, энергосбыталъул нач. М. ГІабдурахІманов, общественниял организациязул ва Рихьуни росдал вакилзаби.

Данделъи ана конструктивияб гара-чІвари гІадин. Докладалгун кІалъана ГІ. ГІабдулаев ва М. ГІабдурахІманов. Гьенибго районалъул бетІерас бихьизабуна байбихьуда электроэнергиялъул качествалда тІадчІей гьабизе кколин, ругин жеги тІуразаричІого рес гьечІел суалал, бихьизабуна гьел тІуразариялде кІвар кьезе кколин.

Гьел гурелги дандчІваялда балагьарал суалал рукІана басралъарал электропроводал цІиязде хисизе ккеялъул, электросетазул чІара-хьараб хІал гьечІолъи, напряжениял кинал рукІаниги стандартазде данде кколеб гьечІолъи, энергообъектазул законалде данде кколеб модернизация гьечІолъи, гьелъ ток ссун хутІулел рукІин ва цогидабги.

Жиндирго иргаялда Э. АхІмадовас бихьизабуна хІалтІи лъикІлъизабизе бугин, автоматическияб къагІидаялъ электроэнергия кьун хІалтІуледухъ гьаризе ругин, оборудованиял хисун, хъаравулли цІикІкІинабун хІалтІи гьабизе бугин. Бихьизабуна бухІараб токалъухъ гІарац кьей лъикІлъизабизе кколинги. Гьединго дандчІваялда бицен ккана Рихьуни ГЭСалъул хІорида гъоркье ккарал ракьазухъ гІарац кьеялъул. Цо-цояз бихьизабухъе руго жеги гІарцулаб компенсация щвечІел.

Ахиралда Э. АхІмадовас бихьизабуна киналго жамагІаталъ цере лъурал гІоларел рахъал жиндирго нухмалъулезда цере лъезе ругин.

# О подготовке к Всероссийской переписи населения в 2020 году на территории МО «Унцукульский район»



Как сообщает отдел статистики Унцукульского района - при подготовке к Всероссийской переписи населения в 2020 году в первую очередь необходимо было провести работу по составлению списков домов и численности населения в них, администрациями на местах.

После получения этих списков по второму этапу необходимо было провести работу дополнительно по уточнению этих списков путем обхода на платной основе. Для этой работы были набраны 10 человек (регистраторы). Срок проведения данной работы был установлен с 1 по 30 августа 2019 года.

Прежде чем приступить к работе регистраторы должны были пройти обучение. Все они были обучены своевременно и приступили к работе в указанный срок.

Благодаря руководству района к данной работе были включены для оказания помощи все члены районной комиссии по подготовке и проведению переписи на территории района.

Таким образом своевременно начатая работа регистраторов была завершена своевременно и списки с уточнениями и с изменениями были представлены в адрес отдела.

Далее отделу статистики в сжатые сроки (3 дня) необходимо составить уточненные списки и представить их в Госкомстат РД, после согласования и сверки данных эти списки будут заверены всеми главами на местах, далее по ним и по картографическим материалам будет составлен орган по проведению переписи 2020 года на территории района.

В целом первый этап работы выполнен благополучно.

**Отдел статистики Унцукульского района.**

# Внимание объявление!

МКОУ «Араканская СОШ» Унцукульского района приглашает на работу учителя химии и биологии. Наличие соответствующего образования и квалификации обязательно. Отметим, что в РД реализуется программа «Земский учитель»,направленная на привлечение молодых специалистов в сельские школы.

Пайдаяб малъи

# КунчІизегІан чуризин цІер

(Гьал малъа-хъваяз кумек гьабизе буго нужее бокьарб цІоролаб тІагІел кІудияб захІмат ккечІого кунчІизабизе)

* Гордабазул цІурдул ва матІаби берцинго рацІцІалъула цІам гъорлъе бараб лъеца чурани. Гьедин чурун хадур гьел кунчІаралъунги лъугьуна.

* ЦІер чІвараб гордо чурулеб бугони, лъеда гъорлъе бай 0,5 гр. лъелъе кІудияб гъуд цІам. Гьелъ биччизабе тряпка яги губка, тІад лъулъай цІорода.

* Чурарал цІорол гордал хехго чороклъуларо гьел ахиралда 50мл. лъимги тІун 100 мл. глицерин ва чанго тІири нашатыралъул спиртги жубан рацІцІани.

*ХІабургъун беццлъун чІараб цІералъе гвангъи кьола уксусалъулаб кислотаялъ. Жубабазе 3 кІудияб гъуд кислотаялъул 1 л. лъелъ. Гьединго инабизе кІола гъадаро-гІучІалда тІад лъугьараб хъухьайги. (хрусталь тун батІияб). ГІицІго гьениб хІажалъула хинаб гуреб лъикІ гьалараб лъим уксусги гъорлъе тІун. Чанго минуталъ гьединаб лъелъ лъун те посуда.

* ЦІородаса кьаралъиялъул лангал лъикІго инарула нашатыралъул спирт гъорлъе тІураб лъеца.



**Газета основана 1937 г.**
**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**
**Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**
**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**
**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора 89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 05 .09. 19 г. 16: 25
фактически -16:45 мин.
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.